**दिन–मंगलवार** **दिनांक–20.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

उच्चतम न्यायालय स्वास्थ्यकर्मी लोकनिक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल राष्ट्रीय कार्य बल गठित कयलक अछि। न्यायालय कार्यबल सँ तीन सप्ताह के भीतर अपन अंतरिम आ दू मासक भीतर अंतिम रिपोर्ट प्रस्तुत करबाक लेल कहलक अछि। प्रधान न्यायाधीश डी.वाई. चन्द्रचूड़ के अध्यक्षताबला खंडपीठ कोलकता मे एक डॉक्टर सँ दुष्कर्म आ हत्याक मामिला के सुनवाई करैत आई ई आदेश देलनि। मुख्य न्यायाधीश कहलनि जे महिला लोकनिक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल देश भरि से चुनल डॉक्टर लोकनिक ई राष्ट्रीय कार्यबल एहेन दिशा–निर्देशक अनुशंसा करत जे पूरा देश मे लागू होयत। न्यायालय देश भरि के डॉक्टर आ चिकित्साकर्मी लोकनिक असुरक्षित कामकाजी वातावरण पर चिंता सेहो व्यक्त कयलक अछि। न्यायालय कहलक जे वर्तमान कानून डॉक्टर लोकनिक सांस्थानिक सुरक्षा के सही ढंग सँ व्यक्त नहि करैत अछि। विदित अछि जे उच्चतम न्यायालय कोलकाता के घटना के लऽकऽ स्वतः संज्ञान लेलक अछि।

---

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय अस्पताल सभ मे सुरक्षा बढेबाक लेल केन्द्र सरकारक अस्पताल आ संस्थान सभक प्रमुख लोकनि के पत्र लिखलकि अछि। पत्र मे मंत्रालय प्रवेश, निकासी, गलियारा आ संवेदनशील क्षेत्र सहित प्रमुख स्थान सभ पर पर्याप्त संख्या मे सीसीटीवी कैमरा लगेबाक निर्देश देलक अछि। आपात स्थिति मे तत्काल प्रतिक्रिया के हेतु एक नियंत्रण कक्ष सेहो स्थापित करबाक लेल कहल गेल अछि। पत्र मे इहो कहल गेल अछि जे उचित निगरानी, गश्ती आ अस्पताल परिसरक निगरानी के लेल पर्याप्त संख्या मे सुप्रशिक्षित सुरक्षा गार्डक तैनाती कयल जयबाक चाही।

---

राष्ट्रीय आयुर्विज्ञान आयोग एन एम सी पटना स्थित इंदिरा गांधी आयुर्विज्ञान संस्थान–आई जी आई एम एस मे एमबीबीएस पाठ्यक्रम मे तीस सीट बढेबाक स्वीकृति दऽ देलक

अछि। एहि निर्णय के बाद वर्तमान शैक्षणिक सत्र दू हजार चौबीस– पचीसे सँ संस्थान मे आब एक सय पचास सीट पर नामांकन होयत।

---

केन्द्र सरकार लैट्रल इंट्री के माध्यम सँ सचिव आ निदेशक एहेन पद सभ पर नियुक्ति के लेल यूपीएससी के विज्ञापन पर रोक लगा देलक अछि। कार्मिक मंत्रालय एहि संबंध मे यूपीएससी के पत्र जारी कयलक अछि। विदित अछि जे कांग्रेस, राजद सहित सभ विपक्षी दल आ एनडीए के सहयोगी दल लोजपा रामविलास सेहो एहि प्रमुख पद सभ पर लैट्रल इंट्री के माध्यम सँ नियुक्ति पर असहमति व्यक्त कयने छल।

---

सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विणी वैष्णव कहलनि अछि जे लेटरल एंट्री के आरक्षणक प्रावधान सँ जोड़व सामाजिक न्याय के प्रति प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रतिबद्धता के दर्शाबैत अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री वैष्णव कहलनि जे प्रधानमंत्री सामाजिक न्याय मे विश्वास राखैत छथि आ हुनक कार्यक्रम समाजक कमजोर वर्गक उत्थानक लेल होयत अछि।

---

प्रदेशक पांच सय चौतीस अंचलक पैंतालीस हजार सँ बेसी गाम मे आई सँ भूमि के विशेष सर्वेक्षणक काज शुरू भऽ गेल अछि। राजस्व आ भूमि सुधार विभाग अधिकारी लोकनि के सर्वे के काज सुचारू ढंच सँ करबाक निर्देश देलक अछि। भूमि सर्वे के उद्देश्य जमीनक सही मालिक के निर्धारण कऽ भूमि विवाद के समाप्त करब अछि। सर्वे के लेल रैयत के जमीनक रसीद, रजिस्ट्री के कॉपी, जमीनक नक्शा आ शपथ पत्र देबऽ पड़त। भूमि सर्वे के लेल आवेदन ऑनलाईन सेहो देल जा सकैत अछि।

---

मोतिहारी जिलाक डुमरिया घाट थाना क्षेत्र अंतर्गत गोपालगंज मे शराब तस्कर के पीछा करैत एक पुलिस वाहन दुर्घटनाग्रस्त भऽ गेल। एहि घटना मे वाहन चालक के मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि, महमदपुर थाना के एक एसआई सहित तीन जवान गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। पुलिस अधीक्षक कांतेश कुमार मिश्रा जनौलनि जे घायल पुलिसकर्मी लोकनिक ईलाज गोपालगंज के सदर अस्पताल मे चलि रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आई वैशाली मे निर्माणाधीन बुद्ध सम्यक दर्शन संग्रहालय आ बुद्ध स्मृति स्तूपक निरीक्षण कयलनि। एहि दरमियान श्री कुमार अधिकारी लोकनि के निर्माण काज गुणवत्ता के संग शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देलनि अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग मे मॉसूनक गतिविधि सामान्य बनल अछि। मौसम विभग से प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे समस्तीपुर आ नवादा जिला मे कतेको ठाम भारी वर्षा दर्ज कयल गेल अछि। समस्तीपुर के ताजपुर मे सभ सँ बेसी तेरानवे दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला तीन दिन धरि राज्यक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–पूर्व भाग मे कतेको ठाम भारी वर्षा भऽ सकैत अछि। मौसम विभाग आई पश्चिम चंपरण आ औरंगाबाद जिला मे किछु स्थान पर बहुत भारी वर्षा हेबाक अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

रेलवे चौबीस अगस्त सँ समस्तीपुर रेल मंडलक बेतिया स्टेशन सँ भारत गौरव पर्यटन ट्रेन चलाओत। आई.आर.सीटी.सी के क्षेत्रिय संयुक्त महाप्रबंधनक राजेश कुमार जनौलनि जे एहि ट्रेनक माध्यम सँ श्रद्धालु लोकनि के विभिन्न ज्योतिर्लिंग सहित धार्मिक स्थल सभक दर्शन कराओल जायत।

———————————————————————————

समाप्त